

Pare pou aplike pou benefis Konje Peye pou Fanmi ak Maladi (PFML)

Pou tout aplikasyon yo: Ou bezwen dokiman pou pwouve idantite w. Fason ki pi fasil pou fè sa se soumèt yon kopi koulè lisans kondi Massachusetts oswa kat idantite, men gen lòt opsyon ki disponib.

Pou bay prèv idantite w, w ap bezwen yon kopi koulè ki valab, ki poko ekspire (devan ak deyè) YOUN nan dokiman sa yo:

From Massachusetts:

- Lisans Kondi REAL ID oswa REAL ID
- Lisans Kondi estanda oswa kat idantite
- Lisans Kondi Minè
- Pèmi pou Aprann
- Lisans Kondi Komèsyal
- Lisans Tèm Limite
- Lisans ki pa pou Sèvis Federal
- Kat Idantite Tribi
- Lisans Likè

Soti nan andeyò Eta a:

- Lisans Kondi REAL ID oswa REAL ID
- Lisans Kondi estanda oswa idantite Ozetazini
- Lisans Kondi Minè oswa ID Ozetazini
- Pèmi pou Aprann Ozetazini
- Liv Paspò Ozetazini oswa Kat (enkli tou de, paj la ak enfòmasyon idantifikasyon AK paj siyati a)
- Kat Rezidan Pèmanan (Fòmilèl-551) Depatman Sekirite Enteryè Ozetazini (DHS) oswa Depatman Imigrasyon ak Sèvis Natiralizasyon Ozetazini.
- Dokiman Otorizasyon Travay (EAD) ki soti nan DHS, Fòmilèl-766 oswa Fòmilèl-688B
- Paspò Etranje (enkli tou de, paj la ak enfòmasyon idantifikasyon AK paj siyati a)

Si w pa jwenn opsyon nan colon a goch la, w ap oblije bay kopi de (2) dokiman valab ki pa ekspire pami kategori sa yo:

W ap bezwen yon kopi koulè youn nan dokiman sa yo:

- Yon kopi sètifye batistè w ki depoze nan biwo estatistik vital leta w la oswa ajans ekivalan nan eta nesans ou a. (Yon batistè Pòtoriken yo pral aksepte sèlman si yo bay dat 1ye jiyè 2010 oswa apre).
- Yon sètifika sitwayènte (fòm N-560 oswa N-561) ki soti nan Ministè Sante ak Sèvis Sosyal.
- Yon sètifika natiralizasyon (fòm N-550 oswa N-570).

Ak yon kopi blan ak nwa oswa koulè dokiman sila yo:

- Kat SSN
- Fòm W-2
- Fòm SSA-1099
- Fòm 1099 non-SSA
- Souch peman ki gen nan konplè w ak SSN ou
- Lèt otorize ki soti nan IRS ki montre nimewo idantifikasyon taks endividyèl ou (ITIN)

Kopi dokiman yo dwe enkli yon kopi koulè devan ak deyè, si li endike sa, epi yod we sovgame sou fòm PDF oswa fichye imaje (.jpg, .jpeg, .png). Fichye yo dwe pipiti pase 4.5 MB.

Pou Aplikasyon Konje Maladi

Ou bezwen **yon Fòm Sètifikasyon sou Kondisyon Sante Grav** ke w ranpli ak founisè swen sante w la ki lenkli:

- Yon deklarasyon ke w gen yon kondisyon sante grav ak nenpòt lòt detay enpòtan sou kondisyon w
- Dat lè malady grav out e kòmanse
- Dire pwobab kondisyon sante grav ou
- Yon atestasyon ke w pa ka travay akòz kondisyon sante grav ou

Konje fanmi pou pran swen yon manm fanmi ki gen yon pwoblèm sante grav

Ou bezwen **yon Fòm Sètifikasyon sou Kondisyon Sante Grav** ke w ranpli ak founisè swen sante w la ki lenkli:

- Yon deklarasyon ke manm fanmi w gen yon pwoblèm sante grav ak nenpòt lòt detay enpòtan sou kondisyon manm fanmi w la
- Lè kondisyon manm fanmi w la kòmanse
- Ke ou menm, anplwaye a, yo bezwen w pou pran swen manm fanmi an epi ki kalite swen k ap nesèsè
- Enfòmasyon sou kantite fwa epi konbyen tan fanmi w bezwen w po upran swen yo
- Non ak adrès manm fanmi w ak relasyon yo avè w

Konje fanmi pou kreye lyen ak timoun

Pou aplike pou konje fanmi pou kreye lyen ak timoun, w ap bezwen bay **YOUN** nan dokiman sa yo:

- Sètifika nesans timoun lan
- Yon deklarasyon founisè swen sante timoun lan ak dat nesans timoun lan.
- Yon deklarasyon founisè sante moun ki akouche a ak dat nesans timoun lan
- Yon deklarasyon oswa yon dosye nesans ki soti nan lopital kote timoun lan e fèt ak dat nesans timoun lan epi ki siyen pa moun ki anrejistre nesans la
- Yon sètifika founisè swen sante timoun lan ki konfime tou de, plasman timoun lan ak dat plasman a

Yon sètifikasyon yon ajans adopsyon oswa adopsyon ki enplike nan plasman an ki konfime tou de plasman timoun nan ak dat plasman an.

Yon sètifika Depatman Timoun ak Fanmi ki konfime tou de plasman timoun nan ak dat plasman an.

Konje fanmi pou pran swen yon manm fanmi ki se yon manm ki kouvri ki gen yon pwoblèm sante grav

Ou ka fè demann pou konje fanmi peye pou rezon militè sèlman lè w rele Sant Kontak nan **(833) 344-7365**. Pou fè sa, nou bezwen konnen relasyon w genyen ak manm fanmi w epi konfime kondisyon medikal grav yo. W ap bezwen yon fòm **Atestasyon Manm Fanmi pou Kondisyon Medikal Grav**, founisè swen sante manm fanmi w la ranpli, ki gen ladann:

- Yon atestasyon founisè swen sante manm sèvis la ke kondisyon sante a konekte ak sèvis militè manm sèvis la.
- Dat kote manm sèvis garanti a te kòmanse gen pwoblèm sante grav
- Ke oumenm, anplwaye a, yo bezwen w pou pran swen manm sèvis ki garanti a epi ki kalite swen k ap nesèsè
- Enfòmasyon sou kantite fwa epi konbyen tan fanmi w bezwen w po upran swen yo
- Non ak adrès manm fanmi w ak relasyon yo avè w

Konje fanmi pou jere zafè pandan yon manm sèvis ki kouvri pral an misyon

Aplikasyon pou konje fanmi peye ki gen rapò ak militè yo ka fèt sèlman lè w rele Sant Kontak Depatman an nan **(833)344-7365**. W ap bezwen bay kopi dokiman ki konfime sa ki annapre yo:

- Dat oswa dire konje a nesèsè
 - Rezon pou konje a
 - Non, adrès epi relasyon manm sèvis la avè w
 - Idantite manm fanmi ki pral an misyon
- Epi yon kopi **youn** nan dokiman sètifikasyon sa yo:
- Lòd solda aktif la resevwa
 - Yon lèt ki soti nan men komandan siperyè manm fanmi a ki montre li pwal active byento
 - Fòm **FMLA WH-384**

